



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE PLAN POU DIMINYE EMISYON METANN

Plan an Konplete Objektif Eta a pou Redwi Emisyon Sektè Enèjetik la a 40 Pousan pa Rapò ak Nivo 1990 la vè 2030

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, [Plan Rediksyon Metann](#), yon seri 25 aksyon pou diminye emisyon metann ki soti nan dechaj, petwòl ak gaz ak sektè agrikòl yo atravè eta a. Se Depatman Pwoteksyon Anviwonman (Department of Environmental Conservation, DEC), Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service), ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèjetik (Energy Research and Development Authority) Eta New York, nan tèt ansanm ak Komite Konsèvasyon Tè ak Dlo (Soil and Water Conservation Committee) k ap egzekite plan an. Gouvènè a ap dirije egzekisyon eta a nan aksyon sa yo jiska 2020 nan kad angajman Eta New York pou diminye emisyon gaz efè sèr yo a 40 pousan vè 2030 e a 80 pousan vè 2050, pa rapò ak nivo ane 1990 yo.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Ak mezi sa, New York ap kontinye retresi enpak kabòn nou lè l diminye emisyon ki kontribye nan chanjman klimatik la. Administrasyon sa te fè pwogrè remakab nan diminisyon emisyon gaz efè sèr, e ak plan sa, nou fè yon gwo pa pou n garanti yon New York ki pi pwòp, pi ekolojik pou tout moun.”

Metann se dezyèm diyoksid kabòn nan kontribisyon li nan chanjman klimatik sèlman. Rediksyon metann, ki reprezante prèske 10 pousan nan emisyon gaz efè sèr pa ane eta a, se yon pyès kle nan politik New York pou abòde risk ki soti nan chanjman klimatik yo. Plan an ap diminye emisyon metann yo, etabli plis metòd kontwòl solid pou sous metann yo ka dokimante konplètman, ogmante sipò ak konesans ki pataje ant ajans ak patnè yo, epi chèche enplike entèvenan yo pou amelyore pwogram règlemantasyon ak finansman aktyèl yo.

Nan semèn ki sot pase yo, gouvènman federal la te pran mezi pou twa gwo efò pou abòde pwoblèm polisyon metann nan. Nan dat 2 Mas la, Ajans Pwoteksyon Anviwonman Ameriken an (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) te baze devlopman li sou yon apwoch règlemantè pou redwi emisyon metann ki soti nan enfrastrikti petwòl ak gaz yo. EPA te endike tou ke ajans lan ap rekonsidere nòm 2016 li yo k ap limite emisyon gaz ki soti nan nouvo devlopman petwòl ak gaz yo. Anplis, gouvènman federal la ap chèche anile oubyen febli règleman Depatman Enteryè (Department of Interior) yo pou redwi emisyon metann ki soti nan pwojè petwòl ak gaz

sou tè federal yo.

Komisyone pa Entèrim Depatman Konsèvasyon Anviwonman an, Basil Seggos te deklare: “Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo sou klima a, Eta New York se efektivman premye nan peyi a—e li trase yon egzanp pou mond lan—nan sa ki gen pou wè ak aksyon reyèl pou abòde menas chanjman klimatik la. Plan Rediksyon Metann nan ap diminye emisyon k ap chanje klima nou an epi kreye nouvo opòtinite pou don manje ak resiklaj matyè òganik yo.”

Plan an ap abòde anpil sous emisyon metann, ki se:

- Pouswib objektif rediksyon metann yo nan dechaj aktif ak dechaj ki pa aktif yo;
- Limite emisyon metann ki soti nan nouvo enfrastrikti petwòl ak gaz yo ak sa ki la deja yo;
- Sipòte pwodiksyon enèji oubyen kaptire konbistyon gaz metann nan fèm ak dechaj yo;
- Devlope kritè rediksyon metann nan pwogram eta a finanse pou agrikilti yo;
- Deplwaye sistèm pwoteksyon metann pou favorize deteksyon fwit nan zòn rezidansyèl yo; epi
- Itilize pwogram ensitasyon yo pou abòde pwoblèm fwit metann nan sèvis piblik ak tiyo konsomatè yo posede yo ki priyorize sekirite ak rediksyon chanjman klimatik la.

John B. Rhodes, Prezidan ak PDG Otorite Rechèch ak Devlopman Enèjetik Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), te deklare: “Sa se dènye etap nou franchi sou lidèchip Gouvènè Cuomo pou asire ke anviwonman nou an pi pwòp e pi an sante pou tout Nouyokè. Aksyon yo souliyen nan Plan Rediksyon Metann pou diminye emisyon nwizib gaz efè sèr yo ap ede Eta a reponn a objektif enèjetik prensipal li yo epi founi lè ki pi pwòp pou jenerasyon k ap vini yo.”

PDG Depatman Sèvis Piblik la, Greff Sayre, te deklare: “Sèvis gaz fyab e san danje se priyorite nou nan Depatman Sèvis Piblik la kote n ap akselere ranplasman tiyo ki gen fwit yo epi travay ak sèvis piblik yo pou enstale dènye sistèm deteksyon metann yo. Nou sipòte plan Gouvènè a antyèman nan kad efò konplè nou pou diminye emisyon gaz efè sèr yo e n ap chèche fason pou antre rediksyon metann nan òdonans alavni yo k ap afekte sistèm gaz la nan New York.”

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare: “Prèy chanjman klimatik la antoure nou, e Gouvènè Cuomo angaje pou abòde pwoblèm grav sa atravè inisyativ enèji pwòp, estratejik. Plan Rediksyon Metann nan se yon lòt mezi sanse pou diminye enpak nou sou anviwonman an epi garanti yon planèt dirab pou jenerasyon k ap vini yo. Sektè agrikòl la jwe yon wòl enpòtan pou fè plan sa vanse e Depatman an enpasyon pou l ranfòse sipò li pou rediksyon metann nan fèm yo atravè Eta a.”

Manm Asanble Steve Englebright, ki se Prezidan Komite Asanble a pou Pwoteksyon Anviwonman (Assembly Committee on Environmental Conservation), te deklare: “Metann se youn nan gaz efè sèr ki pi pwisan e li se dezyèm pi gwo kontribitè nan chanjman klimatik la. Yon molekil metann anviwon 100

fwa pi pwisan nan blokaj chalè ke yon molekil diyoksid kabòn. Apwoch milti sektè pou rediksyon metann nan se yon pati esansyèl nan pwosesis pou reponn a objektif rediksyon emisyon eta a yo. Lè n konprann ki kote emisyon yo ap soti, nou ka kreye plan ki efikas, ki sible pou minimize oubyen elimine yo. Mwen aplodi Gouvènè a pou aksyon li nan kesyon enpòtan sa a.”

Pou w aprann plis, vizite Biwo Chanjman Klimatik (Office of Climate Change) DEC a nan <http://www.dec.ny.gov/energy/99223.html>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418